

## **BAB I**

### **BUBUKA**

#### **1.1 Kasang Tukang Masalah**

Kabudayaan nya éta kabiasaan anu dipigawé ku hiji masarakat sarta diturunkeun ti generasi ka generasi. Ieu hal luyu jeung pamadegan anu ditétélakeun ku Linton dina Simanjuntak(1999: 120), “Kabudayaan nya éta sakabéh pangaweruh, sikep, jeung paripolah anu mangrupa kabiasaan nu dipibanda sarta diwariskeun ku anggota hiji masarakat nu tangtu.

Urang Sunda minangka salah sahiji sélér bangsa di Indonesia anu leubeut ku hasil-hasil kabudayaan. Kabudayaan Sunda nya éta kabudayaan anu dipimilik ku masarakat Sunda mangrupa hasil tina prosés adaptasi kana parobahan-parobahan alam anu tuluy-tumuluy dina waktu anu kacida lilana. Kabiasaan-kabiasaan anu napak kana konsep kapercayaan dina mangsa bihari, kiwari masih kénéh dipilampah, bakal katitén dina upacara tradisional. Upacara tradisional mangrupa wujud tina hubungan antara manusa jeung pribadina, masarakatna, alamna,ogé pangeranna. Manusa sadar yén dirina aya di tengah-tengah masarakat manusa jeung alamna, sarta aya kakawasaan nu ngaraksa alam. Éta hubungan mibanda tujuan pikeun nghontal kasalametan jeung kanikmatan, anu ngaliwatan kana kasadaran dirina sorangan, masarakat sabudeureunana, alam, jeung kakawasaan nu ngaraksa kahirupan sakumna. Upacara tradisional ogé mangrupa salah sahiji wujud kabudayaan anu patali jeung kapercayaan. Dina kapercayaan

urang Sunda, atra pisan gumulungna antara animisme jeung dinamisme Hindu-Budha sarta Islam.

Kabudayaan tèh dina enas-enasna ngabogaan unsur-unsur nu mèh nyampak disatungkebing langit (universal), kitu numutkeun Koentjaraningrat. Èta unsur-unsur kabudayaan tèh di antarana: a) Sistem rèligi jeung upacara kaagamaan; b) Sistem sosial jeung sistem kamasarakatan; c) Sistem pangaweruh; d) Basa; e) Kasenian; f) Sistem pakasaban; jeung g) Sistem tèknologi (Rahmat, 2003: 7). Sedengkeun ditilik tina jihat Sosiologis mah unsur-unsur kabudayaan tèh di antarana; cipta, rasa, jeung karsa. Cipta dihasilkeun lantaran manusa ngabogaan kahayang supaya leuwih nyaho kana sagala hal, utamana ngeunaan rusiah alam kahirupan. Lantaran kitu, pikeun nyumponan èta kahayang, manusa ngagerakkeun daya cipta atawa pikiranana nepi ka ngahasilkeun èlmu pangaweruh (*pengetahuan*). Kitu deui, papada manusa ngabogaan rasa anu aya patalina jeung kasenian (*èstètis*). Hal ieu pisan nu ngalantarakeun munculna kasenian. Sedengkeun karsa mangrupa kakuatan anu ngagerakkeun unsur cipta jeung rasa pikeun nyumponan kabutuhan hirup enggoning ngahontal kabagjaan (Soeryawan, 1984; 1).

Budaya tèh mangrupa identitas hiji bangsa. Bangsa Indonesia diwengku ku sababaraha wewengkon. Èta wewengkon tèh ngabogaan kasang tukang sejarah jeung perkembangan anu tetep hirup luyu jeung daèrah sarta lingkungan alamiah sèwang-sèwangan nu ngabogaan ciri has husus dina hal adat istiadat (tradisi), pancakaki, basa, jeung kasenian. Jawa Barat salah sahiji wewengkon di Indonesia,

anu mayoritas ètnisna Sunda. Urang Sunda ngabogaan tradisi nu mandiri tur jadi identitas pangbèda jeung tradisi ètnis sèjèna (Rahmat, 2003; 11).

Minangka bagian tina budaya, tradisi atawa kabiasaan tèh biasana sok dilakukeun dina wujud sèrèmonial (upacara adat) tur dianggap sakral sarta dilakukeun sacara turun tumurun dina hiji masarakat nu tangtu, nu aya patalina jeung kahirupan èta masarakat.

Kabudayaan numutkeun E.B. Taylor dina Harsojo (1990: 6) nya éta:

*Keseluruhan yang kompleks, yang di dalamnya terkandung ilmu pengetahuan, kepercayaan, kesenian, moral, hukum, adat-istiadat, dan kemampuan yang lain serta kebiasaan yang di dapat oleh manusia sebagai anggota masyarakat.*

Hasan Mustappa jeung Atik Soepandi dina Hufad (2005:130) ngadèskripsikeun adat-istiadat urang sunda dina rupa-rupa upacara anu di antarana nya éta:

*(1)selamatan yang berkaitan dengan anak;(2)pernikahan;(3)selamatan sekitar usaha pertanian;(4)selamatan sekitar rumah atau tempat tinggal;(5)selamatan sekitar bulan dan hari-hari penting;(6)penolak bala atau malapetaka;(7)sekitar keinginan khusus;(8)mencari kekayaan dunia;(9)black-magic-tenung-santet,pelet;(10)perhitungan waktu(hari,bulan,weton);(11)kasukaan,kasenangan,hobi tertentu,dan;(12)selamatan sekitar kematian.*

Pamadegan di luhur nuduhkeun yén kabudayaan mangrupa hiji kabiasaan masarakat anu ngawujud adat-istiadat anu kudu dipigawé sacara turun-tumurun. Upacara tradisi mangrupa wujud hubungan antara manusa jeung pribadina, masarakatna, alamna, ogè pangèranna. Èta hubungan tèh mibanda tujuan pikeun ngahontal kasalmetan jeung kasampurnaan hirup, anu ngaliwatan kasadaran dirina sorangan, masarakat sabudeureunnana, alamna, jeung kakawasaan nu ngaraksa kahirupan sakumna.

Tradisi Salametan Solokan Cobleng di kampung Cirateun Kacamatan Sukasari Bandung mangrupa salah sahiji conto upacara tradisional anu masih kénéh dipiéling ogé dimumulé ku masarakat Sunda. Panalungtikan Tradisi Salametan Solokan Cobleng ieu mangrupa bagéan tina usaha ngamumulé ajén inajén budaya bangsa sagemblengna, lian ti éta panalungtikan nu diayakeun di kampung Cirateun ieu dipiharep boga mangpaat pikeun pangdeudeul dina ngamekarkeun kabudayaan jeung tradisi éta sorangan.

Dina mangsa kiwari, aya kénéh sakelompok masarakat anu nyekel pageuh kana tradisi karuhunna, komo ieu mah di kota Bandung, kota gede nu tehnologina geus maju, anu ku sabagian masarakatna éta tradisi téh dianggap kuno atawa geus teu luyu jeung kamekaran jaman, sarta aya sababaraha bagian anu dianggap mènghar tina ajaran agama.

Kulantaran kitu, kawilang penting pikeun urang, hususna urang Cirateun mikawanoh kana saban simbol-simbol nu dipaké dina upacara tradisi Salametan Solokan Cobleng éta sangkan teu patukang tindih jeung ajaran agama nu diagem, lian ti éta ogé bisa nambahan wawasan hususna keur nu nalungtik, umumnya keur masarakat.

Aya sababaraha judul skripsi nu nalungtik ngeunaan tradisi/budaya, nu di antarana:

- 1) *Tradisi Tatanèn di Kecamatan Campaka Kabupatèn Purwakarta pikeun Bahan Pangajaran di Sakola Dasar*, ku Ahmad Sopian Effendi taun 1999;
- 2) *Ajèn Atikan dina Kakawihan Barudak nu aya di Kampung Ginting Dèsa Mangunkerta Kecamatan Cugenang Kabupatèn Cianjur*, ku Ade Wahyuningsih taun 2003;

- 3) *Fungsi jeung Simbol dina Tradisi Ngurus Orok di Dèsa Sukapada Kecamatan Pagerageung Kabupatèn Tasikmalaya*, ku Halimatussadiah taun 2006;
- 4) *Upacara Adat Panjang Jimat di Karaton Kasepuhan Cirebon: Tilikan Semiotik*, ku Thohir taun 2006;
- 5) *Ajèn Falsafah dina Simbol-Simbol Upacara Ruatan Bumi di Dèsa Parakan Garokgèk Kecamatan Kiarapedes Kabupatèn Purwakarta*; ku Asep Johan Kolamajaya taun 2007.

Ieu panalungtikan dibère judul “ *Fungsi Simbol Dina Upacara Salametan Solokan Cobleng Di Kampung Cirateun Kacamatan Sukasari Kodya Bandung*”, tangtuna baè aya perbèdaan jeung kaistimèwaan antara judul nu baris ditalungtik jeung judul nu geus aya, di antarana; sumber data, upacara solokan Cobleng can aya nu ngagarap, upacara salametan solokan nu ditalungtik mangrupa hiji-hijina tradisi nu nepi ka ayeuna masih dimumulè di wewengkon Cirateun, waktu ngumpulkeun datana, jeung tempat ngayakeun panalungtikanana.

## **1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1 Watesan Masalah**

Sangkan panalungtikan teu jembar teuing, masalah nu rèk ditalungtik téh diwatesanan ngan medar ngeunaan “*Fungsi Simbol dina Upacara Salametan Solokan Cobleng di Kampung Cirateun Kacamatan Sukasari Kodya Bandung*”.

### 1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu dihandap:

- 1) Kumaha prak-prakanana upacara tradisi Salametan Solokan Coblong téh?
- 2) Simbol naon waé nu aya dina upacara tradisi Salametan Solokan Coblong?
- 3) Naon fungsina tina saban simbol-simbol nu aya dina upacara tradisi Salametan Solokan Coblong téh?
- 4) Naha masih *rèlavan* èta upacara Salametan Solokan tèh dina kahirupan mangsa kiwari?

### 1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan anu hayang kahontal dina ieu panalungtikan diantarana waé hayang ngadeskripsikeun:

- 1) Prak-prakanana upacara tradisi Salametan Solokan Coblong.
- 2) Simbol anu aya dina upacara tradisi Salametan Solokan Coblong.
- 3) Fungsi tina saban simbol-simbol nu aya dina upacara tradisi Salametan Solokan Coblong.
- 4) *Rèlavan* heunteuna èta upacara Salametan Solokan Coblong tèh dina kahirupan mangsa kiwari.



#### 1.4. Mangpaat Panalungtikan

Hasil anu dipiharep tina ieu panalungtikan nya èta ngadèskripsikeun *Fungsi Simbol dina Upacara Salametan Solokan Cobleng di Kampung Cirateun Kacamatan Sukasari Kodya Bandung*, ieu panalungtikan tèh dipiharep ngabogaan mangpaat saperti ieu di handap:

- 1) pikeun panalungtik, bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan sangkan nambahan pangaweruh dina widang kabudayaan Sunda;
- 2) pikeun masarakat umum, ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan pangaweruh jeung motivasi pikeun ngarojong dina usaha ngamumulè kabudayaan/tradisi Sunda.

#### 1.5. Anggapan Dasar

Anggapan dasar sok disebut ogè asumsi, anu ngandung harti titik pamiangan mikir anu bebeneranana bisa ditarima ku balarèa. Èta hal luyu jeung pamadegan Surakhmad (1998:60), yèn anu dimaksud anggapan dasar tèh nya èta:

*“ sebuah titik tolak pemikiran yang kebenarannya diterima oleh penyelidik ”.*

Luyu jeung pamadegan di luhur, nu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya èta:

- 1) Kabudayaan tèh mangrupa hasil tina cipta, rasa, jeung karsa nu ngawengku sakabèh aspèk kahirupan manusa dina hirup kumbuhna;
- 2) Mikawanoh kana falsafah fungsi simbol tina Upacara Salametan kawilang penting pikeun nambahan pangaweruh;

- 3) Upacara Salametan Solokan tèh mangrupa hiji tradisi nu aya di dèsa Cirateun;
- 4) Upacara Salametan Solokan mangrupa salah sahiji tradisi nu aya di masarakat anu dijerona kebek ku ajèn-ajèn luhur geusan kahirupan umat.

### 1.6. Raraga Tiori

Pradopo, spk. (2002:35) mèrè gambaran yèn raraga tiori tèh miboga mangpaat pikeun nangtukeun konsèp-konsèp dina panalungtikan. Pikeun nalungtik fungsi simbol-simbol nu aya dina upacara Salametan, di antarana ngagunakeun filsafat jeung èlmu/ulikan sèmiotik.

Èlmu/ulikan sèmiotik nya èta èlmu anu nalungtik ngeunaan lambang atawa tanda. Nurutkeun KBBI (1999:907) sèmiotik tèh nya èta sagala hal anu raket patalina jeung sistem tanda katut lambang dina kahirupan manusa.

Preminger dina Sobur (2001:96) nètélakeun yèn sèmiotik nya èta èlmu ngeunaan tanda-tanda. Èlmu nu nganggap yèn fénomèna sosial/masarakat jeung kabudayaan mangrupa tanda, lantaran di jerona ngulik sistem-sistem, aturan-aturan, konvèsi-konvèsi anu ngamungkinkeun tanda-tanda èta ngabogaan harti

Nurutkeun Wiryaatmadja (1981) nètélakeun yèn sèmiotik nya èta èlmu anu ngulik kahirupan tanda jeung ma'nana di masarakat, boh anu lugas (literal) boh anu kias (figuratif), boh makè basa boh teu makè basa. Ieu hal diwedelan ku sawangan Rene Wellek (1956) anu ngasupkeun image (citra), metaphor



(metafora), symbol (lambang), jeung myth (mitos) kana cakupan èlmu sèmiotik (iI,Santosa,1993:3).

Dumasar kana pedaran di luhur bisa dicindekeun yèn sèmiotik tèh nya èta èlmu ngeunaan tanda-tanda anu nyampak dina kahirupan atawa di masarakat, bisa mangrupa fènomena sosial jeung kabudayaan.

### 1.7. Wangenan Operasional

Judul ieu panalungtikan nya èta “*Fungsi Simbol dina Upacara Salametan Solokan Cobleng di Kampung Cirateun Kacamatan Sukasari kodya Bandung*”. Sangkan aya gambaran ngeunaan èta judul, perlu dijèntrèkeun wangenan istilah dina ieu panalungtikan, diantarana:

- a. Fungsi nya èta kagunaan atawa gunana naon-naon waè nu aya dina èta upacara Salametan.
- b. Simbol nya èta lambang anu digunakeun dina runtuyan upacara Salametan Solokan Cobleng nu diayakeun di Kampung Cirateun. Simbol anu dimaksud dina ieu panalungtikan nya èta anu mangrupa pakakas atawa kalengkepan upacara, jalma anu mingpin upacara jeung prosesi upacara èta.
- c. Upacara nya èta tanda-tanda kaagungan, perayaan nu dilakukeun atawa diayakeun patalina jeung kajadian anu penting.
- d. Salametan Solokan nya èta hiji upacara nu diayakeun di Kampung Cirateun.

